# Pwoteje sante ou, trete dlo a!

**Dezenfekte dlo nan solèy - yon metòd SODIS - se yon fason senp pou dezenfekte dlo pou bwè ki kontamine.**
**Avèk SODIS ou kapab evite maladi tankou dyare, kolera, oubyen tifoyid.**



## 1



**Pran yon boutèy PET. Retire etikèt la. Boutèy yo dwe pwòp, toujou nan bon kondisyon, transparan, pa kolore epi gwosè yo pa dwe depase twa lit.**



## 2



**Plen boutèy la ak dlo.**
**Fèmen bouchon an.**



**Si dlo a pa pwòp li dwe filtre.**

## 3





**Mete boutèy la nan solèy la depi maten jiska aswè, omwen 6 zèdtan. Konsa reyon Iltra Vyolèt yo ap detwi mikwòb ki ka bay enfeksyon sa yo ki responsab pou maladi ki bay dyare yo.**
**Lè syèl la genyen plis pase mwatye ki kouvri, boutèy la dwe nan solèy la de (2) jou youn apre lòt.**

## 4

**Konyea ou kapab bwè dlo a. Ou dwe konsève dlo trete an nan boutèy la ou li pa kontamine.**





òganizasyon Mondyal pou Sante OMS, UNICEF ak la Kwa-Wouj rekòmande SODIS kòm yon metòd altènatif pou tretman dlo pòtab nan peyi ki ap devlope yo.

eawag
aquatic research
Enstiti Federal Swis Pou Syans ak Teknoloji Nan Zafè Dlo
www.sodis.ch
SODIS
Dlo pwòp pou tout moun.